दिन–रविवार दिनांक–19.04.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि जे कांग्रेस आ सहयोगी दल महिला विरोधी अछि। पश्चिम बंगालक बांकुड़ा मे एक चुनावी सभा के संबोधित करैत प्रधानमंत्री कहलनि जे एहि दल सभक साजिशक कारणे दू हजार उनतीस मे महिला सभ के आरक्षण देबऽवला विधेयक लोकसभा मे पारित नहि भऽ सकल। श्री मोदी कहलनि जे भाजपा महिला सशक्तिकरणक पर्याय अछि आ महिला सभ के रक्षा आ हुनक सुरक्षाक प्रति वचनबद्ध अछि। जखनकि, विपक्षी दल महिला सभ के बेसी संख्या मे राजनीति मे नहि आबय देबऽ चाहैत अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे एनडीए महिला लोकनि के आरक्षण देबाक प्रश्न पर अपन प्रयास जारी राखत।

---

भारतीय जनता पार्टी महिला आरक्षण विधेयक पर विपक्षक रवैयाक विरूद्ध देशव्यापी विरोध दर्ज करा रहल अछि। भारतीय महिला मोर्चाक राष्ट्रीय उपाध्यक्ष आ राज्यसभा सांसद दर्शना सिंह पटना मे पत्रकार सभ सँ गपशप करैत कहलनि जे महिला सभ के आरक्षण देबाक मुद्दा पर विपक्षक दोहरा चरित्र सोझा आबि गेल अछि। श्रीमती सिंह कहलनि जे विधेयक पास नहि होयबाक लेल कांग्रेस आ ओकर सहयोगी पार्टी जिम्मेदार अछि।

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे महिला आरक्षण विधेयक लोकसभा मे पारित नहि होयब अत्यंत दुर्भाग्यपूर्ण अछि। पटना मे पत्रकार लोकनि सँ गपशप करैत श्री चौधरी कांग्रेस आ आन विपक्षी दल सभ पर महिला लोकनि कँ हुनक अधिकार देबा मे बहाना करबाक आरोप लगौलनि अछि। ओ कहलनि जे नारी शक्ति वंदन अधिनियम के विरूद्ध मतदान करयवला दल परिवारवादी अछि आ ओ आम महिला सभ के संसद आ विधानसभा मे प्रतिनिधित्व नहि देबय चाहैत अछि। मुख्यमंत्री कहलनि जे जौं संशोधन विधेयक लोकसभा मे पारित भऽ गेल रहैत तऽ बिहार विधानसभा मे महिला विधायक लोकनिक संख्या बढ़ि कऽ एक सय बाईस भऽ जाइत।

---

राज्य सरकार सड़क दुर्घटना मे घायल लोक सभ के ट्रॉमा सेंटर मे डेढ़ लाख टाका धरिक निःशुल्क इलाज उपलब्ध करेबाक निर्णय लेलक अछि। उपमुख्यमंत्री सह परिवहन मंत्री विजय कुमार चौधरी विभागक उच्च स्तरीय समीक्षा बैसक मे एहि व्यवस्था के प्रभावी ढंग सँ लागू करबाक निर्देश देलनि अछि। एकर उद्देश्य दुर्घटना के शीघ्रहिं बाद गोल्डेन आवर मे घायल सभ के वित्तीय बाधाक बिना त्वरित इलाज उपलब्ध करायब अछि। श्री चौधरी जनौलनि जे राजधानी पटना सहित प्रमुख शहर सभ मे ट्रैफिक जामक समस्या सँ निवटबाक लेल इंटिग्रेटेड ट्रैफिक मैनेजमेंट सिस्टम आईएमएस लागू कयल जायत।

———————————————————————

राज्यक उनतीस जिलाक तीन सय तिरसठि पैक्स मे पैक्स अध्यक्ष आ प्रबंध समिति के चयन के लेल काल्हि मतदान कराओल जायत। बिहार राज्य निर्वाचन प्राधिकारक संयुक्त सचिव कयूम अंसारी जनौलनि जे शांतिपूर्ण चुनावक लेल सभ तैयारी पूरा कऽ लेल गेल अछि। ओ जनौलनि जे कोनो तरहक समस्या होयबा पर लोक नियंत्रण कक्षक हेल्प लाईन नंबर सँ संपर्क कऽ सकैत छथि।

———————————————————————

हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चाक संरक्षक आ केन्द्रीय मंत्री जीतनराम मांझी कहलनि जे शराबबंदी कानून सही अछि, मुदा एहि कँे लागू करबाक तरीका ठीक नहि अछि। पटना मे पत्रकार सभ सँ गपशप करैत श्री मांझी कहलनि जे एहि कानूनक समीक्षा होयबाक चाही।

———————————————————————

अक्षय तृतियाक पावनि तिहार आइ देश आ प्रदेश मे पारंपरिक उल्लासक संग मनाओल गेल अछि। ई पावनि सौभाग्य आ सफलताक प्रतीक अछि। एहि दिन लोक देवी—देवता सँ सौभाग्य प्राप्त करबाक कामना करैत छथि। आजुक दिन सोना कीनबाक सेहो प्रचलन अछि।

———————————————————————

तेज पछवा हवाक कारणे राज्यक दक्षिण–पश्चिम आ दक्षिण–मध्य भाग मे भीषण गर्मी पड़ि रहल अछि। मौसम विभागक रिपोर्टक अुनसार एहि क्षेत्र सभ मे अधिकतम तापमान बियालीस डिग्री सेल्सियस के पार कऽ गेल अछि। पछिला चौबीस घंटाक दरमियान रोहतासक डेहरी राज्यक सभ सँ गर्म स्थान रहल। एम्हर, विभाग अगिला चौबीस घंटाक दरमियान अररिया, किशनगंज, सुपौल, पूर्णियां, मधुबनी, सीतामढ़ी सहित राज्यक उत्तरी भाग मे कतेको ठाम अन्हर–बिहारि आ वर्षाक संभावना सेहो जतौलक अछि।

———————————————————————

अररिया पुलिस साईबर ठगीक पैघ मामिलाक खुलासा करैत तीन साईबर अपराधी के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————

समाप्त